# BEN WOOTE CI JËF JOGE
## ci goor ñi ak jiggeen ñi ci nappum cossaan*


Nappukatu cossaan ci tefessou ghana. © Samuel Aboh

Jubluwaay bi ci fullandi bu sax dakk (ODD) 14.b woo Nguur yi ñoŋal jot ci aloom bu mbeex mi ak bërëbu njaay yi jëme ci nappum cossaan.

Ay pexe war na ñu am ci lu gaawngir taxawu yii di ñëw, ngir ñoŋal aar bi ak defaraat nappum cossaan te it fexe mu wey di amal aka doli koom yi, ak wer gi, ak aada akneex neexu nit ñi.

Jiggeen ñi ak goor ñi ci nappum cossaan (NC) geej ak jeeri dina indi ci anam bu rëy ci jumtuwaayu dundin wi, ak xëy, ak kaarange lekk gi ak koom, mu wuute ak ni ñu leen boddee ci bu ñuy jël dogal. Waasoo yi fare nappum tefess ñooy jëffookat yi ëpp ci geej gi.

Gir ñoŋal wer gi ak taxawaay joge ci waasoo yi fare napp mi, nappum cossaan soxla na jot bu wer te yayoo ay geej ak wëraakoon yu muc ci ayip ngir mana doxal bu matale seen taxawaay bu fess ci saytu ak aar geej ak indi seen waar ci karaange lekk ak dundin gi.

Nappum cossaan mi ngi sakku Nguur yi ñu joyanti ñakk yor bu xerñ, leer ak bokk ci bu napp mi ; te wuyu ci tolof tolof yi am joge ci mbalit yu bonn yi, xiiroo ci bërëp yi ak aloom bi ak yeneen xeetu liggeey yi ci koom koomu geej, ak def ci yorinu aloom bi diir bu sori, defaraat dëkkuwaay yi ak soppeeku yi jiggeen ñi ak goor ñi waasoo napp.

*Nguur yi war na ñu…*

### Seede bu gaaw jot ci bu fes ak and yor 100 % goxu tefess yi

Axë ak yeleefu moomeel ak jot ci aloom bi ci nappum cossaan war na ñu leen aar. Jiggeen ñi ak goor ñi ci nappum cossaan war na ñu bokk bu dëgër ci dogal yi leen soxal.

### Seede amal bokk jëme ci jiggeen ñi te it taawu seen manin sopite yu bees yi

Jiggeen ñi ñu ngi teew ci bepp pacc ci calala nappum cossaan te it nekk poñ bu fes ci buum gi ngir jën wi egg ci ñi koy jëffoo. Waaye seen liggeey xameesuko, seen jappandal, ci sopite yu bees, ken joxu ko gëdëm, ak seen  xeetu liggeey ak seen dundë dañoo jeggi dayoo.

### Aar nappum cossaan jëme ci geewu wuje ak yeneen koomu geej

Jeexital yu baaxul yu paccu mbeex ak jeeri yu ëpp doole koomu geej (amal doole jiy ball ci geej, nappum gaalu saxaar, jariñoo mbel yi ci ndox yu xoot yi, baneexu dem ci yeneen reew, berëbu defar fariñu jën, jariñoo alla bi) dina ñu nasaxal jubluwaayu ñi waasoo tefess yi. Taxawaayu yootaan, leeral gi ak bokk ci bu fes bu nappum cossaan moo wara jiitu bepp jariñoo bu bees jëm ci geej yi.

### Amal lepp luy leeral ak taxawaay jëme ci yor napp mi

Taxawaayu politik mooy li war ngir indi sopite bu gaaw ndax politik yi ak doxalin yi ci napp mi ñooy saxal neex neexu wasoo yu nappum cossaan te it dina soxal koom yu reew yi.

### Tabax ay waasoo yu am taxawaay ngir jamaarloo ak sopite jawa ji te it jox ay jubluwaay ndaw ñi

Nappum cossaan mooy ki njëkk ci  yëk jeexitalu sopite jawa ji ak yeneen sox yi joge ci biti, te it loolu day galaŋkoor jubluwaayyu ndaw ñi ak waasoo yi bëgë dundë ci napp mi. Yorinu napp mi war na dugal luy wañi tolof tolof yi wara joge ci jëyë yi ak tontu ci yi jampp, jot ci yelleef yu nit ñi, mel ni njang mi, wer gi ak aar jëme ci nit, te it war ñoŋal ay xeetu jumtukaay ngir jot sa bopp bu and ak sagg te jokkoo ak napp ngir ndaw ñi.



Nappukatu cossaan ca Portugal. © Ivan Gutierrez/SPEA

# Woxtu jëf jot na

*Ňoo ngi woo nguur yepp ňu jël dogal yii fii ak 2030.*

## Seede bu gaaw jot ci bu fes ak and yor 100 % goxu tefess yi

- Nangul nappkattu cossaan yi ay yeleef ci nappukaay yu tefess yi, joge ci tëc goxu tefess yi ci lii di nappum gaalu saxaar ak yeneen xeetu yëŋgu yu kawe yi te it aar leen ci yeleefu moomeel, ci dëkk fa, ak jot ci alaam bi;
- Seede ak naŋgu ci teeyu bakan, jiitu ca ak lu leer ngir bepp jëffoo bu bees wala yëŋgu bu geej, doli ci lu jëm ci jubluwaayu deňc ak ngir ňoŋgal gox yu beex yi ňu aar;
- Tekk ci amal ay pexe yu and yor ci 100 % lepp luy goxu tefess, te ňu tekk ci geew bi ay digg yu yoon yu fes ya nga xamm ne da ňuy wone ci lu leer taxawaay ak gëdd bu nguur yi ak nappkatt yi te it joxe taawu bu mattale mool yi ngir ňu jiitu taxaw temm (rax ci doli ngir bokk, ay paccu tëcc napp mi, ak ňoom seen.); ak
- Ňoŋgal ay pexe kopar yu doy ci biir nafa reew yi at mu ne ngir tattafu xeetu bokk yor yi.

## Seede and bokk bu jiggeen ňi te it tattafu leen ci seen amal lii di sopite yu bees

- Jox jiggeen ňi ay pexe ci taxaw lëkëloo ci seen digante te it am taxawaay bu yëŋgu mi ci biir kurel yi fare liggeey yi am ak yoonu dogal yi, doli ci lii di dogal yi jëme ci yorinu napp mi;
- Jox lu jiitu lii di ay fullandi ci biir dundin yi (melni jot co doxum naan mi, kuran bi, sanni ndox mu bonn mi, mattuwaay yu ganaaw kër yi ci biir bërëbu soparňi kaayu jën yi), ci matuwaay yiy yokk sell xeetu liggeeyu ak dundu jiggeen ňi ak seen njaboot, (yu mel ni ay dëkkuwaay yu sell, ay toogu xale yu jege fi nuy soparňee jën yi), ak jangal jëfoo xarala yu bees yi ;
- Jokale jot ci suuf si ak kopar yi ngir tatafu sopi yu bees yi ak xarala soparňi ak njaay mi (lakkukaay FTT, seddalukaay yu jantë) ; tattafu njang mi ngir jot ci jaayukaay yu bees ; ak ful yarum jën mu ndaw mi ngir mana matale lii di jotal ňepp gňcax bu jëkk; ak
- Far galangkoor yi am ci njaay mi ci tolluwaayu reew mi ak gox yi, joge ci tekk jeexal këlë këlee xoxatal jiggeen ňi ci seen bërëbu soparňikaay, si jaayukaay yi, ci kaw yooonu njaay yi ak ci saytu yi ci digante dig yu reew yi.

## Yiir nappum cossaan ak yeneen xeetu wuj yi ci koomu geej

- Ňakk maye wala dooleel bepp xeetu jëffoo bu bees geej yi te mu mana am jeexital bu bonn ci dëkkuwaay ak lamu ëmb ak ňa fa waasoo te yayoo ko ngir seen dund; tek bët lii di nangu ci teeyu bakan, balaa ak leeral yi di am lii di teggu ci waasoo yi fare tefess ;
- Fullandi, ci kaw leeral bu maga ak war bokk ci joge ci ňi waasoo tefess yi te mbir mi laal leen, ay pexe (1) ngir xayma teeyu bakan jeexital ci nit ňi ak li wër dun bu yaa, (2) diisoo, ci anam buy mana tax bokk ci ak yëk ňi waasoo yi, (3) ak yaxanal xiiroo ngayoo digante ňiy jëfoo goxu nappukaayu geej, ak (4) baay jagal saafara galangkoor yi ak tekk yoonu jubal ak yorinu jiite yi ; ak
- Wone ni am na ay yoonu kopar yu wer ci biir nafa wala gafaka nguur yi ngir doxal lii di yoonu li wër jawa ji, boole ci doxal aka mal ay yoon ak deggoo aduna bi ak gox yi, balla leneen lu bees ci jëfoo geej yi ňu maye ko.

## Nekal lu leer ak am taxawaay ci yorinu napp mi

- Ganaaw ba ňu soofantalee nappum cossaan ci biir xayma yi ňu naŋgu , te rawatine jiggeen ňi, defaraat, ci anam bu daw yaram wuute gi, taatan ay poň ak wessaare xibaar ci biir walla wii, dax tegaayam ci biir kaarange dundd gi, ak amuk loo jote bakan, ci jëffoo bu sax geej gi mu gënë fess te am dayoo;
- Warteefu ňakk ay xibaar yu ňu xam, nappum kaw jeeri ji ňak na ňu jox gëdëm ci biir politik yu reew yi jëm ci napp mi. War na kon ňu gënë indi ak xame ci nappum jeeri ji, li muy indi ak li kay xaar te war ko jaamarloo, ngir ňu man ko jox xameem ak dooleel ko ci reew yi ak anuna bi yepp.
- Weer, ci lu neew te mingoo ak doxalin ngir leeral ci biir napp mi (FiTI), bepp xeetu xibaar bu fess, rax ci doli yoonal, maye kayiitu napp yi, poň yi ci japp mi ak wone leeral ci yoon yi ngir yorin bi ; ak
- Weer ngir ňepp bepp xeetu xibaar ci yeneen xeetu porose xarala jëme ci geej yi, ci geeju tefess yi ak ci jeeri yi, doli ca kayiit ya ňu tëŋkk maye ya, saňal ya ak nagu ya, akit xibaar ci porose ndimal yu joge ca biti ak xeetu kopar yi jëm ci yaxanal geej yi, boole ca yeleefu koomu geej a kit weccoo bor - gaňcax.

## Tabax ay waasoo yu saŋge ngir jaamaarloo ak sopite jawa ji te it maye jubluwaay ndaw ňi

- Defar, andd ci ak waasoo yi ci napp mi, politik yi ak tërëlin yu fess dekku lii di sopite jawa ji ak woyafal seen jeexital, doli ci ay pexe ngir defaraat buy ňoŋgal dëkuwaay yu geej yu wer muc ci ayip, akit ay pexe ngir waňi jëyë ak taxawaay yu jamp;
- Taxawu ay pexe ngir yokk defar luy yokk saŋge waasoo yi, rawatina dimali leen ngir ňu jaamaarloo ak ňakkum gaňcax gi, waňňi xeetu ňakk gi ci goob mi ak fullandi ay yeneen yoon ngir jot ci koom yi ngir mu am jeexitalu maye ay seenu ci pexe yi ngir dundd bu am sagg ci diir bu yagg jëm ci ndaw ňi.
- Aar yeleefu nit ci biir nappum cossaan, merlni kaaraange nite, ak wer gi, ak njang mi, ak kaaraange ci geej mu war nak defaraat xeemeemte bu pacc bii ngir ndaw ňi.



Jigeen bouye soppargni jën ca Indonesie. © KNTI.

# Ňoo ngi woo nguur yepp...

ak seeni andandoo ňu tabax ay waasoo yi fare nappum cossaan yu jaamaarloo joge ci fullandi ay tërëlinu doxal yu reew ngir mana amal ay takk yii fess ci-kaw **fii ak 2030**.



Jigeen bouye nappu ci Fiji. © Shiri Ram/WCS.

Tërëlinu doxal yi war na ňu leen jox kopar ci anam bu jaadu te it jublu ba di teggu ci Diktal yu FAO ngir amal nappum cossaan bu sax dakk ak it yeneen politik yu gox yu fess**.

Dina ňu topp defar bi ak doxalin biy amal tërëlinu doxal yi te ňu ngi woo kurelu andandoo yi ak nit ňi ci teeyu bakan ňu dimali nu ci topp jëme kanam yi ci am ci jeego.

www.ssfcalltoaction.org

## Ňi ko xaatim

Ňi ko xaatim ňepp ay kurel yu taxawal nappum cossaan la ňu ay mbootaayu nappum cossaan yu adduna wër kepp, rawatina Afrik (CAOPA), yu Pacifik (LMMA), yu Karaïbes, yu Améri Sentral (RAMPR) ak yu Sud (CONAPACH) a kyu Erope (LIFE, Aktea). Nangu leen dugg seet pakku web ngir am ay xibaar ci ňi ko xaatim a kit limu kurel yi ci teeyu bakan ak ONG reew yepp yi tatafu woote bii.

Gnou ngi ci andd ak

ANNÉE INTERNATIONALE DE LA PÊCHE ET DE L'AQUACULTURE ARTISANALES 2022

**LEERAL**

*Joge ci Diktal ci coobare yu FAO ngir nappum cossaan bu sax dakk, nappum cossaan day ëmb peb yëŋgu ci calala koom – balaa goob, goob ak goob ba noppi.

**Diktal yu FAO ngir nappum cossaan mu muc ci ayip nangoos na ko muy jumtuwaay bu reew yepp ci juin 2014. Diktal yooyu da ňu sakk mu toftaalu ci diisoo bu yagg te am taariixak xeex bu nappum cossaan def ci aduna bi yepp ngir mana am gëdd bu makk ak yeleef ak taxawaayam ci biir paccu napp mi si seen reew. // Politik gox yi : takku politik ak pexe tërëlin ngir sopi napp ak yarum jën ci Afrik (CUA-NEPAD 2014) • Politik mbooloo bu napp mi bu waasoo Karaïbs (CRFM 2020) • Pexe tërëlin bu Nouméa – Woy wu bees ngir nappum tefess yi – yoonu copite yi (CPS 2015); ak, Pacc bi ngir dooleel yorin bu waasoo yu napp yi (CPS 2021) – ngir goxu  Pacifik.